

Rapò trimès klas 1ye-6yèm ane

Ane lekòl _____

Eksplikasyon pou ranpli rapò trimès la

Rapò trimès fè rezime pwogrè akademik pitit ou a, tankou matyè li pran ak total lè enstriksyon li resevwa. Rapò sa yo dwe fèt kat fwa nan ane a, jan yo di sa nan Plan enstriksyon adomisil endividyèl (Individualized Home Instruction Plan, IHIP) ou a. Si lekòl adomisil kòmanse nan mitan ane a, rapò yo ta dwe gen ladan yo rès peryòd enstriksyon an.

Chak rapò dwe gen ladan:

- Total kantite lè enstriksyon pitit ou a konplete pandan trimès la.
- Yon deskripsyon materyèl li wè nan chak matyè ki nan IHIP a.
- Swa yon nòt pou timoun lan nan chak matyè oswa yon narasyon ekri ki evalye pwogrè timoun lan.
- Si pitit ou a pa konplete omwen 80% travay ki te planifye a pou yon matyè trimès sa a, tanpri mete yon eksplikasyon kout pou di poukisa.

Pou klas 1-6yèm ane: Yon minimòm 900 èdtan enstriksyon pa ane obligatwa, avèk an mwayèn 225 èdtan pa trimès.

Pou voye rapò a ale: Voye Rapò trimès la (Quarterly Report, QR) kòm yon PDF nan yon imèl apa nan homeschool@schools.nyc.gov avèk liy sijè: QR, non pitit ou a ak nimewo ID elèv NYC (si li disponib).

Sonje: Yo p ap aksepte rapò pwogrè pwogram ki fèt sou entènèt kòm yon rapò pwogrè pou trimès la.

ENFÒMASYON RAPÒ TRIMÈS	
Nimewo trimès: (Tcheke yonn sèlman) 1 ☐ 2 ☐ 3 ☐ 4 ☐	Dat ou te voye li ale:
Kantite total lè enstriksyon elèv la resevwa pandan trimès la:	Èske li te omwen 80% nan materyèl ki te planifye pou li wè pou trimès la? ☐ WI ☐ NON
Si li pa t wè 80% materyèl ki te planifye pou trimès la nan nenpòt matyè, bay yon eksplikasyon alekri:	
ENFÒMASYON SOU ELÈV LA	
Siyati:	Non:
Dat nesans:	Nivo klas
Nimewo ID elèv NYC ki nèf 9 dijít la (si w konnen li):	
Ekri non enstriktè a:	Siyati enstriktè a:

Matyè	Deskripsyon materyèl ou te wè – Kisa elèv la te aprann?	Nòt oswa evalyasyon alekri
Aritmetik		
Lekti		
Òtograf		
Redaksyon		
Lang anglè		
Jewografi		
Istwa Etazini		

Syans		
Sante		
Mizik		
Art vizyèl		
Edikasyon fizik		